



Pou Piblikasyon Imedya: 17/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SANT JIMNASTIK AK KONDISYÒNMAN FIZIK YO KA RE-OUVRI APATI 24 OUT

*Tout sant jimnastik ak kondisyònman fizik yo ka ouvri 2 septanm; klas kondisyònman fizik pa anndan yo ka retade pou apre 2 septanm*

*Etablisman yo dwe fonksyone nan 33 pousan kapasite yo ak swiv pwotokòl sante ak sekirite rijid, ansanm ak mete mask toutan*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke sant jimnastik ak kondisyònman fizik yo ka re-ouvri nan New York apati 24 out. Etablisman yo ki re-ouvri ka sijè ak estanda sante ak sekirite ki rijid epi tout sant jimnastik ak kondisyònman fizik yo ap kapab ouvri 2 septanm.

"Pandan New York kenbe yon pousantaj tèz pozitif chak jou ki anba 1 pousan, Eta a te detèmine ke responsab lokal eli yo ka otorize sant jimnastik ak kondisyònman fizik yo pou re-ouvri nan 33 pousan kapasite pandan y ap swiv pwotokòl sekirite rijid yo, ansanm ak mete mask toutan", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan ke sa ankourajan nou te atenn nivo kote li akseptab pou yo kòmanse re-ouvri nan kominote nou yo, se pa moman pou nou bliye pandemi an toujou aktyèl. Nouyòkè yo dwe byen respekte direktiv yo epi depatman sante lokal yo dwe ranfòse yo ak rijidite pou ede asire sant jimnastik ak kondisyònman fizik yo re-ouvri san danje ak pwoteje sante piblik la".

Responsab lokal eli yo ka chwazi retade re-ouvèti sant jimnastik ak kondisyònman fizik yo jiska 2 septanm, an pati, pou bay tan pou enspeksyon depatman sante lokal ki obligatwa yo, epi ka chwazi retade re-ouvèti klas kondisyònman fizik pa anndan yo jiska yon dat ki depase 2 septanm. Nan Vil New York, Majistra a pral detèmine si sant jimnastik ak kondisyònman fizik yo dwe ranvwaye re-ouvèti a. Andeyò Vil New York, direktè jeneral konte a - egzekitif konte, administratè, manadjè oswa prezidan kò lejislatif lokal eli a - pral detèmine si re-ouvèti jimnaz yo dwe ranvwaye.

Lokalite yo ka detèmine tou si jimnaz yo rapòte repriz klas pa anndan yo. Nan Vil New York, Majistra a ak, nan tout rès eta a, direktè jeneral konte a ka deside retire klas kondisyònman fizik ak akwatik pa anndan yo nan jiridiksyon yo, ranvwaye repriz yo jiska yon dat annapre. Depatman sante lokal yo dwe enspekte jimnaz yo anvan yo

re-ouvri oswa nan de semèn apre re-ouvèti a, pou asire direktiv Depatman Sante yo respekte.

### **Direktiv pou Sant Jimnastik ak Kondisyònman Fizik yo**

- **Kapasite:** 33% limit okipasyon.
- **Aksè:** Koneksyon avèk enfòmasyon kontak ak depistaj sante obligatwa.
- **PPE:** Pwoteksyon figi apwopriye obligatwa toutan.
- **Distans:** 6 pye separasyon toutan.
- **Ijyèn/Netwayaj:** Materyèl netwayaj ak dezenfeksyon yo disponib pou kliyan yo; ekipman pataje yo netwaye apre chak itilizasyon; pèsonèl la dwe disponib tou pou netwaye ak dezenfekte ekipman yo apre itilizasyon; ekipman lokasyon yo dwe netwaye ak dezenfekte apre kliyan fin itilize.
- **Klas:** Sou randevou/rezèvasyon sèlman; kapasite maksimòm klas pou kantite moun ki ka respekte règ distans sosyal yo, men nan okenn ka pa dwe plis pase 33% gwosè nòmal klas la (sa vle di, kite pòs, sik, etc., vid); klas yo dwe pwograme pou pèmèt tan anplis pou netwayaj ak dezenfeksyon ant chak sesyon.
- **Ekipman:** Pòs pou ranpli boutèy dlo yo otorize, men fontèn dlo pataje pa ladan; douch komen yo fèmen men douch/kabin endividyèl yo ka rete ouvri depi yo netwaye apre chak itilizasyon.
- **Sistèm Tretman Lè:** Jimnaz yo dwe fonksyone nan MERV-13 oswa pi gwo, si yo pa kapab fonksyone nan nivo sa a, yo dwe gen pwofesyonèl chofaj, vantilasyon ak klimatizè (HVAC) ki dokimante enkapasite yo pou fè sa epi adopte pwotokòl vantilasyon ak rediksyon nan Sosyete Ameriken pou Enjenyè Chofaj, Refrijerasyon ak Klimatizè (American Society of Heating, Refrigerating and Air-Conditioning Engineers, ASHRAE) ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC).
- **Enspeksyon:** Depatman sante lokal yo dwe enspekte anvan oswa nan de semèn apre re-ouvèti sant jimnastik/kondisyònman fizik yo pou asire konfòmite.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)